



Aprè sa, sòlda Women yo sele tonbo-a e yo mete 2 gadyen devan-l tou, pou yo te kapab asire yo ke pèsonn pa te ka vin vòlè kò Jezi.

19



Si istwa sa ta fini konsa, sa tap vrèman yon tristès. Men Bondye fè yon bagay ekstraòdinè. Jezi pa rete mouri !

20



Gran bonè nan maten premye jou lasemèn nan, gen nan disip Jezi yo ki al bò kote tonbo-a e yo jwenn li louvri. Andedan li te vid.

21



Yon madanm te chita la, li tap kriye bò tonbo-a. Toudenkou Jezi parèt ba li ! li pran kouri ak anpil lajwa pou-l al di lòt disip yo "JEZI VIVAN ! JEZI RESISITE !"

22



# Premye fèt Pak

Pa twò lontan apre, Jezi al prezante tèt Li bay disip Li yo e Li montre yo mak klou yo nan men Li ak pye-L pou disip yo kapab kwè ke se laverite, se limenm Jezi ki la. "JEZI REYÈLMAN RESISITE". Li padonnen Pyè dèske li te renye-l lan, e Li di disip Li yo pou yo mache al tout kote sou tè-a pou yo pale de Li. Apre sa Li monte nan syèl la, kote Li te soti-a. Se te premye fwa nwèl te fete.


23

Premye fèt Pak  
Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,  
Nap jwen-n nan  
Matye 26-28, Lik 22-24, Jan 13-21  
"Pawòl Bondyé poté limyè."  
Sòm 119 : 130

Èkri pa Edward Hughes  
Ilistré pa Janie Forest  
Tradwi pa Christine Pierre-Lhermite  
Adapté pa Lyn Doerksen  
Istwa 54 nan 60  
M1914.org  
Bible for Children, PO Box 3, Winnipeg MB R3C 2G1 Canada  
Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa, dépi sé pa pou van-n ou fè li.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò.  
Sèlman, Bondyé renmen nou si tèlman, ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Aprè sa, Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Kounyé-a Bondyé ka padonnen péché nou yo.  
Ou men-m tou, si ou vlé viré do-w bay péché, rémèt Bondyé lavi-w, résitè priyé sa : "Bondyé l'Étènèl, mwen kwè ké Jézi té mouri pou mwen, épi Li résisité ankò. Tanpri, antré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou-m sa gen yon nouvo lavi, pou-m sa toujou maché avè-w pou tout tan. Édé-m viv pou ou, an tan ké pitit ou. Amèn". Jan 3 : 16.  
Li LaBib ou épi palé ak Bondyé chak jou !

kréyol Ayisyen Haitian Creole



Yon madanm te kanpe sou yon kolin kote kite genyen anpil moun kap fè bwi, je li tap obsève yon aksyon ki tèrib anpil. Yo tap touye pwòp pitit li. Manman sa-a se te Mari, e li te kanpe tou pre kote ke yo tap klouwe Jezi sou yon kwa.

Kouman bagay sa fè rive ? kouman Jezi ka fè kite yon bel lavi chavire nan yon kondisyon soufrans tèrib konsa ? kouman Bondye fè aksepte pou lòm klouwe pwòp pitit Li sou yon kwa poul mouri ?

1

2



Non ! pa panse ke se paske Bondye echwe. Jezi pat fè anyen ki mal. Jezi te toujou konnen depi davans ke te gen mechan ki ta pral touye-L. Dayè, menm lè Li te yon bebe, te gen yon granmoun ki te rele Simeyon ki te pwofetize Mari sou kalite aksyon tris sa ki te gen pou fèt yon jou.

3



Kèlke jou anvan yo touye Jezi, yon madanm te parèt kote-L e li te vide yon pafen bon kalite ki koute chè anpil sou tèt Jezi. Disip yo te di lè sa "pouki sa madanm sa ap gaspiye lajan konsa" men Jezi reponn yo "madanm sa ap fè yon bon zèv. Lap anbonmen mwen davans pou antèman-m". pawòl sa yo te parèt trè etranj !

4



Aprè sa, yonn nan douz disip Jezi yo ki te rele Jida aksepte pou li trayi Jezi bay chef sakrifikatè yo pou 30 pyès lajan.

5



Lè jou fèt Pak Jwif yo rive, Jezi manje ak disip li yo pou yon dènye fwa. Li rakonte yo yon pakèt bel bagay o sijè de Bondye, ansanm ak pwomès Bondye fè pou tout moun ki renmen-L yo. Aprè sa, Jezi pataje yon pen ak yon koup diven avèk yo. Li te fè sa pou yo te kapab sonje, ke kò Li ak san Li ki ta pral sakrifye-a, se pou peche lèzom kapab padonnen.

6




Aprè sa Jezi di disip Li yo ke gen yon moun ki ta pral trayi Li, epi nan menm moman sa yo tout ta pral kouri kite-L. Alò Pyè reponn Jezi "mwen men-m, mwen pap janm kite-w". Men Sèlman Jezi di-l konsa "anvan kòk la chante, wap gen tan renye-m 3 fwa".

7



Yon lòt moman nan menm sware sa, Jezi al priye nan jaden Jetsemani an, pandan ke dòmi pran tout disip ki te avè-L yo. Jezi pouse yon rèl, Li di "O Papa-m !...si sèlman ou te ka pèmèt koup fyèl sa pase lwen mwen... sepadan se pa volonte pa mwen ki pou fèt, men se pa-w lan".

8



Sibitman yon gwoup moun rive nan jaden yan ak Jida devan yo. Jezi pa reziste, men Sèlman Pyè koupe zòrey yon-n nan moun yo, men Jezi poze men Li sou zòrey la e li retounen jan-l te ye-a. Jezi te konnen arestasyon sa te fè pati plan Bondye.

9



Gwoup moun yo mennen Jezi lakay chèf sakrifikatè yo. Lè yo rive, tout dirijan Jwif yo di konsa se pou Jezi mouri. Pyè li menm te kanpe tou pre, bò kote yon dife sèvite yo tap fè pou yo chofe kò yo, konsa li te ka obsève sa ki tap fèt yo.

10



Pandan 3 fwa moun ki te la yo di Pyè "se pa ou menm ki tap mache ak Jezi-a ?" sèlman pandan 3 fwa sa yo, Pyè di li pa konn de kisa yap pale-l lan, ekzakteman jan Jezi te prevwa Pyè ke li ta pral renye-l 3 fwa. A ta sèman Pyè fè epi li joure yo lèd.

11



*Ka-ko-ri-kooo*

Nan menm moman sa, yon kòk chante. Vwa kòk la rezonnen tankou si se vwa Bondye Pyè tap tande. Alò tout pawòl Jezi te di Pyè yo pran toumanse tèt li, e li tombe kriye ak gwo lapen-n.

12




Jida te regrèt tou. Li te konnen ke Jezi pat koupab pou okenn peche ak okenn krim. Jida pran 30 pyès lajan yo pou li remèt yo bay chef sakrifikatè yo, men Sèlman yo pat dakò reprann yo.

13



Alò, Jida jete lajan yo atè, epi li soti deyò lal pann tèt li.

14



Sakrifikatè yo Mennen Jezi devan Pilat ki te gouvènè Women yo. Pilat di yo konsa "mwen pa jwenn anyen ki mal nan moun sa nou mennen devan nan" sepadan gwoup moun yo pa sispann rele "krisifye-L, krisifye-L".

15



A la fen, Pilat kite sa, li remèt yo Jezi e li di yo "al krisifye-L poukont nou". Solda yo pran bat Jezi, yo krache nan figi-L, yo fè yon kouwòn ak pikan e yo peze-l sou tèt Li. Aprè sa yo mennen-L sou tèt mòn Golgota pou yo klouwe Li sou yon kwa.

16



Jezi te toujou konnen ke Li ta pral mouri nan kondisyon sa-a. Li te konnen tou, ke lanmò Li ta pral pèmèt padon peche tout moun ki ta vle mete konfyans yo nan Li. Sòlda Yo pran 2 kriminèl, yo krisifye yo bò kote Jezi tou. Yon-n ladan yo di Jezi li kwè nan Li. Jezi reponn moun sa, ke lap tou ale ansanm avèk Li nan paradi-a. Lòt malfektè-a pat chwazi pou li te fè menm jan.

17



Aprè anpil soufrans, Jezi di "tout bagay fini" epi Li mouri. Travay Li te akonpli. Zanmi Li yo reklame kò Li pou yo al antere nan yon tonbo.

18